



BAB III METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Populasi jeung Sampel

3.1.1 Populasi

Arikunto (2010:173) dina bukuna *Prosedur Penelitian*, nétélakeun yén populasi nya éta sakabéh subjék dina panalungtikan.

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing minat siswa kana pangajaran basa Sunda sarta préstasi diajar anu aya dina subyék panalungtikan. Subyék panalungtikan ngawengku sakabéh siswa kelas X SMA Negeri 14 Bandung. Dumasar kana sababaraha tinimbangan di antarana kamampuh panalungtik, ngabalukarkeun populasi panalungtikan téh diwatesanan ambahanana.

Nu nalungtik ngawatesanan subjék panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas X SMA Negeri 14 Bandung, anu jumlahna 304 siswa anu kabagi jadi dalapan kelas ti mimiti kelas X-A nepi ka X-H.

3.1.2 Sampel

Nurutkeun Arikunto (1991: 125), nétélakeun yén:

"... apabila subyeknya kurang dari 100, lebih baik diambil semua sehingga penelitiannya merupakan penelitian populasi. Selanjutnya, jika jumlah subyeknya lebih besar, dapat diambil antara 10-15% atau 20-25% atau lebih, tergantung setidak-tidaknya dari:

- 1) kemampuan peneliti dilihat dari segi waktu, tenaga, dan dana; dan*
- 2) sempit luasnya wilayah pengamatan dari setiap subyek, karena hal itu menyangkut banyak sedikitnya data.*


Nyoko kana pamadegan di luhur, panalungtik ngagunakeun pamadegan ti Arikunto, sabab dipatalikeun jeung kamampuh panalungtik. Sampel dina ieu panalungtikan ditangtukeun 12% tina populasi nya éta $\frac{12}{100} \times 304 = 36,48$. Dumasar hasil itungan, kelas anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kelas X-D. Ku lantaran jumlah siswana leuwih deukeut jeung 36,48 nya éta 37 siswa.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan. Ieu desain panalungtikan disusun dumasar kana léngkah-léngkah, diantarana: (1) nangtukeun masalah, (2) *studi pendahuluan*, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) milih pamarekan, (6) nangtukeun sumber data, (7) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (8) ngumpulkeun data, (9) analisis data, (10) nyieun kacindekan, jeung (11) nyusun laporan. (Arikunto, 2010:61).

Desain panalungtikan bisa dibagankeun saperti ieu di handap:

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Dumasar kana tujuan nu rék dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif korélasional. Numutkeun Amir Suyatna (2002:14), ieu métode digunakeun pikeun (1) ngumpulkeun informasi faktual kalayan gemet jeung ngagambarkeun gejala nu aya, (2) ngaidéntifikasi masalah-masalah nu aya kiwari, (3) nyieun babandingan, jeung (4) nangtukeun naon waé anu bisa dicokot atawa implikasina tina éta pangalaman pikeun rarancang jeung kacindekan dina mangsa anu bakal datang.

Méthode déskriptif mangrupa hiji cara pikeun meunangkeun jeung ngaréngsékeun masalah panalungtikan anu keur digarap; data anu geus dikumpulkeun, disusun, dianalisa, sarta diinterpretasikeun.

Méthode déskriptif dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun minat siswa kana pangajaran basa Sunda, sanggeus meunangkeun gambaran minat siswa anu miboga tujuan pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan hiji objék satuluyna dikorélasikeun jeung préstasi diajar basa Sunda.

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode korélasional pikeun nangtukeun gedéna hubungan antara minat siswa kana pangajaran basa Sunda (x), jeung préstasi diajar basa Sunda (y). Dina ieu panalungtikan, téhnik korélasi anu digunakeun nya éta korélasi product moment. Korélasi ieu mangrupa salahsahiji téhnik pikeun néangan hubungan antara dua variabel ku cara ngalikeun moment-moment kadua variabel. Korélasi ieu sering ogé disebut korélasi product moment pearson (pearson product moment correlation). Desain anu digunakeun dina ieu metode deskriptif korélasional bisa digambarkeun saperti ieu di handap:



3.4 Wangenan Operasional

Sangkan ulah aya kakaliruan dina nafsirkeun atawa méré interpretasi nu sarua kana variabel-variabel nu aya dina panalungtikan, perlu aya définisi nu aya

dina judul ngeunaan istilah-istilah nu dipaké. Nilik kana judulna, ieu panalungtikan téh mibanda sababaraha variabel anu baris ditalungtik. Ku kituna, panalungtik baris ngajéntrékeun masalah/variabel ngeunaan istilah nu dipaké.

Korélasi nya éta hubungan antara variabel nu hiji (x) jeung variabel anu lianna (y). Korélasi dina ieu panalungtikan nya éta pikeun néangan hubungan variabel x (minat siswa kana pangajaran basa Sunda) jeung variabel y (préstasi diajar basa Sunda). Lamun variabel x (minat siswa kana pangajaran basa Sunda) jeung variabel y (préstasi diajar basa Sunda) aya korélasi, bisa disebutkeun yén beuki luhur minat siswa, tangtu bakal beuki hadé préstasi diajarna.

Minat siswa kana pangajaran basa Sunda téh nya éta rasa hayang nyaho siswa nu di pangaruhan ku faktor internal atawa ku faktor eksternal kana pangajaran basa Sunda. Minat anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta gedéna réspon siswa di SMA Negeri 14 Bandung kana pangajaran basa Sunda.

Préstasi diajar basa Sunda nya éta hasil ahir anu geus dihontal siswa di SMA Negeri 14 Bandung salila hiji semester dina pangajaran basa Sunda, nu wujudna mangrupa angka. Basa Sunda mangrupa basa sapopoé urang Sunda, basa Sunda ogé disebut basa indung. Ku kituna, basa Sunda téh kudu dipaké dina kagiatan komunikasi dina hirup kumbuhna urang Sunda. Hal ieu mangrupa tarékah pikeun ngamumulé basa Sunda, sangkan generasi kahareupna bakal mikawanoh kana basa indungna sorangan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa hal anu kawilang penting, sabab hasil henteuna panalungtikan dipangaruhan ogé ku instrumén anu digunakeun. Data nu diperlukeun pikeun ngajawab masalah jeung nguji hipotésis bisa dikumpulkeun ngaliwatan instrumén. Ku kituna, kualitas instrumén panalungtikan bakal nangtukeun kana kualitas data nu aya.

Instrumén panalungtikan téh nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis sahingga gampang pikeun diolahna (Arikunto, 1998:51). Ieu panalungtikan téh boga tujuan

pikeun mikaweruh korélasi antara minat siswa kana pangajaran basa Sunda jeung préstasi diajar basa Sunda. Ku kituna, data anu dikumpulkeun ngawengku dua variabel, nya éta variabel minat siswa kana pangajaran basa Sunda (x) jeung variabel prestasi diajar basa Sunda (y).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

1) Angkét atawa kuésionér

Angkét anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta angkét tertutup. Angkét disebar ka siswa kelas X-D SMA Negeri 14 Bandung anu diwangun ku sababaraha pernyataan kalawan aya sababaraha pilihan jawaban. Siswa tinggal méré jawaban atawa tanda *checklist* anu salauyu jeung pamadeganana. Dipilih angkét tertutup maksudna nya éta sangkan ngagampangkeun ka siswa dina milih atawa ngajawab unggal pernyataan. Salian ti éta, dipilih angkét tertutup sangkan ngagampangkeun ka panalungtik dina nganalisisna. Instrumén angkét minat digunakeun pikeun meunangkeun informasi ngeunaan minat siswa kelas X-D SMA Negeri 14 Bandung kana pangajaran basa Sunda.

2) Data nilai préstasi diajar basa Sunda

Pikeun meunangkeun nilai préstasi diajar siswa, data-data nu dicokot tina dokumentasi nya éta daftar nilai rapor pangajaran basa Sunda salila hiji semester.

3.6 Nguji Instrumén Panalungtikan

Data ngabogaan posisi paling luhur dina panalungtikan, sabab data mangrupa déskripsi variabel anu ditalungtik, jeung ngabogaan fungsi salaku alat pikeun ngabuktikeun hipotésis. Ku kituna, baner henteuna data bakal nangtukeun mutu henteuna hasil panalungtikan. Sedengkeun, bener henteuna data gumantung kana hadé henteuna hasil panalungtikan. Instrumén panalungtikan anu digunakeun kudu diujicobakeun heula. Pikeun mikaweruh kualitas instrumén nu rék dipaké, kudu geus nyumponan sarat-saratna. Suharsimi Arikunto nétélakeun: *Instrumen yang baik harus memenuhi persyaratan penting, yaitu valid dan reliabel.*

Ku kituna, pikeun mikaweruh valid atawa réliabel henteuna hiji instrumén, kudu aya uji validitas jeung réliabilitas instrumén.

3.6.1 Nguji Instrumén Skala Minat

Modél skala minat nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta modél skala Likert. Alesan dipilihna ieu skala nya éta:

- 1) Skala Likert henteu merlukeun *judges* pikeun ngajén kana jawaban subyék;
- 2) Hésé néangan *judges* anu paham kana obyék minat anu ditalungtik;
- 3) Dibandingkeun jeung skala Thurstone, skala Likert bisa méré informasi anu mandiri ngeunaan obyék minat;
- 4) Ajén dina skala Thurstone sifatna mutlak, sabab ditangtukeun ku *judges*, anu teu merhatikeun norma kelompok subyék nu diukur; jeung
- 5) Skala Likert dipaké pikeun ngukur sikep, pamadegan hiji jalma atawa sakeiompok jalma, ngeunaan fénoména sosial.

Saterusna dina rarancang instrumén bobot butir soal nurutkeun skala Likert pikeun pernyataan positif jawaban satuju pisan 5, satuju 4, mangmang 3, teu satuju 2, teu satuju pisan 1. Pikeun pernyataan negatif jawaban teu satuju pisan 5, teu satuju 4, mangmang 3, satuju 2, satuju pisan 1 (Sugiyono, 2010:94).

3.6.1.1 Uji Validitas

Alat ukur nu alus kudu ngabogaan validitas nu luhur. Validitas salah sahiji alat ukur nu nuduhkeun sa jauh mana alat ukur bisa ngukur naon nu sakuduna diukur ku éta alat ukur.

Validitas nya éta hiji ukuran nu nuduhkeun tingkat-tingkat kevalidan atawa kasalahan hiji instruman. Hiji instrumén anu valid atawa sahiji mibanda validitas nu luhur, kitu oge sabalikna, hiji instrumén anu kurang valid mibanda validitas nu handap (Arikunto, 2006:168).

Sunaryo Kartadinata (1992:56), nétélakeun sacara gurat badag yén uji validitas bisa katingali tina: 1) validitas eusi (content validity), 2) validitas kritéria (criteria validity), 3) validitas kontruksi (construck validity).

Dina ieu panalungtikan validitas instrumén nu dipaké nya éta validitas kontruksi. Sugiyono (2006: 270), nétélakeun yén pikeun instrumén non tés

(angkét) nu digunakeun pikeun ngukur minat cukup ku minuhan validitas kontruksi.

Mohamad Ali (1985: 105), nyebutkeun yén *untuk mengetahui suatu alat tes dapat dijadikan sebagai pengukur sesuatu bidang tertentu terhadap kelompok tertentu dengan "tepat", digunakan teknik "korelasi"*.

Hiji tes disebut mibanda validiats lamun hasilna luyu jeung nu jadi kritéria, dina harti miboga kasajajaran hasil tes jeung nu jadi kritéria. Téhnik nu digunakeun pikeun mikaweruh kasajajaran nya éta téhnik korélasional *product moment* atawa sering disebut ogé péarson. Nguji validitas soal maké rumus korélasi *product moment* kalawan angka kasar saperti di handap ieu:

$$r_{xy} = \frac{n\sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{n\sum X^2 - (\sum X)^2\} \{n\sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}}$$

Katerangan:

r_{xy} : koéfisien korélasi antara dua variabel anu dipaluruh

n : jumlah subjék

X : skor tes tina instrumén

Y : peunteun dina rapot

Hasil tina koéfisien dikonsultasikeun kana tabél harga kritik tabél *product moment* kalawan tingkat kapercayaan 5%. Kritéria anu digunakeun nya éta lamun r itung $>$ r tabel, éta soal téh dianggap valid.

Pikeun ngayakeun intérpretasi luhur handapna validitas koéfisien korélasina diklasifikasieun saperti ieu di handap:

Tabel 3.2
Klasifikasi Koéfisien Korélasi

"r"	Intérpretasi
0,800 – 1,000	Luhur Pisan
0,600 – 0,800	Luhur
0,400 – 0,600	Cukup
0,200 – 0,400	Handap
0,000 – 0,200	Handap Pisan

3.6.1.2 Uji Réliabilitas

Mohammad Ali (1985: 106), nétélakeun yén:

Untuk menentukan apakah suatu alat tes dapat digunakan untuk mengukur suatu bidang terhadap suatu kelompok, kapan saja dan di mana saja, perlu dicari tingkat ketepatannya, melalui suatu téhnik korélasi, dalam rangka mencari koéfisién réliabilitas.

Numutkeun Arikunto (2006:178), réliabilitas nya éta anu aya patalina jeung masalah sagala instrumén bisa dipercaya pikeun digunakeun salaku alat pangumpul data, sabab éta instrumén téh geus hadé. Hiji tes bisa mibanda tarap kapercayaan nu luhur saupama éta tes bisa méré hasil nu tetep. Réliabilitas patali jeung masalah tetepna hasil tes, sok sanajan hasilna robah. Éta parobahan téh bisa disebut teu aya hartina. Jadi réliabilitas ngébréhkeun hiji instrumén nu dipercaya pikeun ngagunakeun alat keur ngumpulkeun data.

Ku kituna, réliabilitas instrumén nya éta keterapan alat évaluasi dina ngukur atawa ketetapan siswa dina ngajawab alat évaluasi éta. Réliabilitas instrumén aya hubungana jeung masalah kapercayaan. Ku kituna, uji réliabilitas dilaksanakeun pikeun nunjukeun yén éta instrumén téh bisa dipercaya salaku alat pikeun ngumpulkeun data.

Cara ngitung anu dipaké dina uji réliabilitas nya éta:

$$r = \frac{n\sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{n\sum X^2 - (\sum X)^2\} \{n\sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}}$$

Tafsiran koéfisién korélasi dina ieu panalungtikan dumasar kana pamanggih Guilford dina Subino (1987: 115):

Tabel 3.3
Klasifikasi Koéfisién Réliabilitas

"r"	Interprétasi
0,00 – 0,20	Leutik
0,21 – 0,40	Handap
0,41 – 0,70	Sedeng
0,71 – 0,90	Luhur
0,91 – 1,00	Luhur Pisan

3.7 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data panalungtikan perlu aya alat atawa téhnik anu tangtu luyu jeung masalah katut métode panalungtikan. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ku cara ngagabungkeun téhnik skala angkét minat jeung studi dokuméntasi.

Téhnik skala angkét minat digunakeun pikeun ningali hasil minat siswa (kana pangajaran basa Sunda), jeung téhnik studi dokuméntasi dilaksanakeun ku cara ningali nilai rapor basa Sunda séwang-séwangan siswa nu ngiluan tés angkét minat.

Téhnik skala angkét minat kana pangajaran basa Sunda, kalawan méré skor:

Tabél 3.4
Skor Minat kana Pangajaran Basa Sunda

Pernyataan	Positif	Negatif
Satuju Pisan	5	1
Satuju	4	2
Mangmang	3	3
Teu Satuju	2	4
Teu Satuju Pisan	1	5

Cara dina ngalaksanakeun tés angkét, nya éta:

- 1) jumlah pernyataan nu dipaké pikeun nguji minat siswa kana pangajaran basa Sunda, aya 30 pernyataan;
- 2) ngabagikeun instrumén tés angkét skala minat ka siswa; jeung
- 3) panalungtik ngajéntrékeun heula tata cara ngeusian angkét. Unggal siswa dipiharep ngeusian sakabéh pernyataan sacara jujur nurutkeun pamadegan séwang-séwangan.

Tés ngeunaan ieu minat ngagunakeun métode Likert, nya éta pikeun pernyataan positif jawaban satuju pisan 5, satuju 4, mangmang 3, teu satuju 2, teu satuju pisan 1. Pikeun pernyataan negatif jawaban teu satuju pisan 5, teu satuju 4, mangmang 3, satuju 2, satuju pisan 1 (Mar'at, 1982: 166).

3.8 Téhnik Ngolah Data

Téhnik pikeun nguji hubungan antara minat siswa kana pangajaran Basa Sunda jeung préstasi diajar Basa Sunda nya éta maké téhnik korélasi sederhana. Téhnik ieu disebut téhnik korélasional (Ari, spk 1982: 429). Téhnik korélasional digunakeun pikeun nangtukeun korélasi antara hiji variabel jeung variabel séjénna.

3.8.1. Uji Sifat Data

Léngkah-léngkah ngolah data skala minat nya éta:

- 1) Néangan skor maksimal
- 2) Skor maksimal idéal nya éta skor nu bakal kahontal saupama sakabéh soal bisa dijawab kalawan bener.
- 3) Ngitung skor sakabéh siswa
- 4) Nangtukeun peunteun

$$N = \frac{\text{Skor tercapai} \times 10}{\text{Skor ideal}}$$
- 5) Ngarobah peunteun kana presentase

$$N = \frac{\text{Skor tercapai} \times 100\%}{\text{Skor ideal}}$$
- 6) Nafsirkeun presentase minat kana kritéria taraf minat
- 7) Nangtukeun préstasi peunteun siswa nu aya dina buku rapor

3.9 Téhnik Nganalisis Data

3.9.1 Nguji jeung Ngitung Signifikasi Korélasi

Pikeun mikaweruh merenah atwa henteuna angka korélasi anu dihasilkeun tina korélasi antara variabel-variabel dina panalungtikan, perlu diuji jeung diitung signifikasi koéfisién korélasina.

Léngkah-léngkah pikeun nguji signifikasi koéfisién korélasi nya éta saperti ieu di handap:

- 1) Nangtukeun hargana $\sum X, \sum Y, \sum x^2, \sum y^2$, jeung $\sum xy$
- 2) Nangtukeun gedéna koéfisién determinasi variabel bébas kana variabel kauger.

Dina ieu panalungtikan, variabel x (minat siswa kana pangajaran Basa Sunda) kana variabel y (préstasi diajar Basa Sunda siswa kelas X SMA Negeri 14 Bandung). Rumus anu dipaké nya éta rumus (Sugiyono, 2006:213).

$$r_{xy} = \frac{\sum xy}{\sqrt{(\sum x^2)(\sum y^2)}}$$

Keterangan:

r_{xy} = koéfisién korélasi

$\sum xy$ = jumlah produk X jeung Y

$\sum x^2$ = jumlah kuadrat peunteun X

$\sum y^2$ = jumlah kuadrat peunteun Y

- 3) Nafsirkeun gedéna koéfisién kalawan ngagunakeun ukuran klasifikasi Sugiyono (2006: 216).

< 20	= teu aya korélasi
0,21 – 0,40	= korélasi handap
0,41 – 0,70	= korélasi sedeng
0,71 – 0,90	= korélasi luhur
0,91 – 1,00	= korélasi luhur pisan
>1,00	= korélasi sampurna

3.9.2 Ngitung Koéfisién Déterminasi

Tujuan ngitung koéfisién déterminasi nya éta pikeun mikaweruh gedéna kontribusi (sumbangan) variabel bébas kana variabel kauger dina panalungtikan. Rumus nu dipaké pikeun ngitung koéfisién déterminasi, numutkeun Sudjana (1992:455) nya éta:

$$KD = r^2 \times 100\%$$

Keterangan:

KD = koéfisién déterminasi

r = koéfisién korélasi

Dina ieu panalungtikan, variabel x nya éta (minat siswa kana pangajaran basa Sunda) kana variabel y (préstasi diajar basa Sunda siswa kelas X SMA Negeri 14 Bandung).

3.9.3 Kriteria Ngugi Hipotésis

Kriteria ngugi hipotésis kalawan ngagunakeun rumus nu diébréhkeun ku Sugiyono (2006:215), saperti:

$$t = \frac{r\sqrt{n-2}}{\sqrt{1-r^2}}$$

Keterangan:

t = koéfisién signifikasi

r = koéfisién korélasi

Kriteria anu dipaké pikeun ngugi hipotésis atawa korélasi antara minat siswa kana pangajaran Basa Sunda jeung préstasi diajar Basa Sunda siswa kelas X SMA Negeri 14 Bandung nya éta H_0 ditarima lamun t itung $>$ t tabel, sabalikna lamun t itung $<$ t tabel berarti H_0 ditolak.